

# LEVANJIL JEZIKRI A





## KISA LEVANJIL JEZIKRI A YE?

Levanjil Jezikri a se plan Papa nou ki nan Syèl la pou bonè ak **Sali\*** pitit li yo. Li rele levanjil Jezikri a paske **Ekspyasyon (Sakrifis Ekspyatwa)** Jezikri a se eleman santral plan Papa nou ki nan Syèl la. Selon plan li, Papa nou ki nan Syèl la te voye Pitit Gason li a, Jezikri, nan mond lan pou montre nou kijan pou n viv lavi ki gen sans epi ki gen lajwa epi fè eksperyans lajwa etènèl apre lavi sa a. Atravè **gras** ak mizèrikòd Jezikri, ou ka vin pwòp soti nan peche epi jwi lapè konsyans. Ou ka vin diy pou viv nan prezans Papa nou ki nan Syèl la apre lavi sa a.

Pou resevwa lapè sa a ak fòs sa a, ou dwe aprann epi swiv prensip ak **òdonans** levanjil yo. Yon prensip se yon verite ki ka aplike nan lavi; yon òdonans se yon ak ofisyèl sakre ki akonpli pa otorite Prètriz la epi li souvan se yon mwayen pou antre nan **alyans** avèk Papa nou ki nan Syèl la. Premye prensip levanjil yo se lafwa nan Jezikri ak repantans. Premye òdonans levanjil yo se **batèm** ak resevwa Sentespri a.

Lè ou fin aprann epi swiv premye prensip ak òdonans levanjil yo, ou chèche swiv egzanp Kris la pandan tout rès lavi ou. Fidelite san rete sa a rele “pèsevere jiskalafen.”

**O**u ka viv levanjil  
Jezikri a nan:

- *Devlope lafwa nan Jezikri.*
- *Repanti.*
- *Batize epi resevwa Sentespri a.*
- *Pèsevere jiskalafen.*

\*Definisyon mo an wouj yo nan paj 18 ak 19

## LAFWA NAN JEZIKRI

Lafwa se yon kwayans fèm ki motive yon moun pou l aji. Lafwa ki mennen nan padon peche santre nan Jezikri, ki rann padon posib gras ak Ekspyasyon li a. Lafwa nan Jezikri plis pase yon kwayans tou senpleman nan li. Sa vle di kwè ke li se Pitit Gason

*“Kwè nan Senyè a avèk  
tout kè ou; epi pa apiye sou  
pwòp konpreyansyon pa ou.*

*“Nan tout bagay rekònèt  
men li, epi l ap dirije  
wout ou.”*

### Pwovèb 3:5–6

Bondye epi li te soufri pou peche nou, afliksyon nou, ak maladi nou. Sa vle di aji sou kwayans sa a. Lafwa nan Jezikri mennen ou renmen li, kwè nan li, epi obeyi kòmandman l yo.

## REPANTANS


Lafwa nan Jezikri mennen ou vle chanje lavi ou pou w vin pi bon. Pandan w ap etidye levanjil la, w ap rekònèt ke ou te peche, oubyen ou te aji kont volonte ak ansèyman Bondye yo. Atravè repantans, ou chanje panse, dezi, abitid, ak aksyon sa yo ki pa ann amoni avèk ansèyman Bondye yo. Li pwomèt ke si ou repanti, l ap padone peche w yo. Lè ou repanti ou:

**Rekonèt** ke ou peche epi ou santi regrè sensè pou sa w fè.  
**Sispann** fè sa ki pa bon, epi eseye pa janm fè l ankò.

**Konfese** peche w yo bay Senyè a epi ou mande l padon. Lè w fè sa ou retire yon gwo fado lou. Si ou te peche kont yon lòt moun, ou mande moun sa a padon tou.



Gregory C. Olsen



**Fè restitisyon.** Ou fè tout sa ou kapab pou korije pwoblèm aksyon w yo te lakoz yo.

**Kenbe kòmandman yo.** Obeyi kòmandman Bondye yo pote puisans levanjil la nan lavi ou. Levanjil la ap ba ou fòs pou w abandone peche w yo. Kenbe kòmandman yo gen ladan rann sèvis, padone lòt moun, epi ale nan reyinyon legliz yo.

**Rekonèt Sovè a.** Pati ki pi enpòtan nan repantans lan se reyalize ke padon vini gras avèk Jezikri. Pafwa ou ka santi ke Bondye pap padone peche grav yo. Men Sovè a te soufri pou peche nou yo pou nou ka simonte yo, menm peche grav yo. Rezulta vrè repantans se padon, lapè, rekonfò, ak lajwa.

Repantans pa toujou vle di gwo chanjman. Souvan li senpleman mande yon angajman anplis pou viv selon volonte Bondye. Vrè repantans pa toujou fèt vit; se pou ou pasyan avèk tèt ou pandan w ap eseye fè sa ki bon epi korije erè ou fè yo. Lè ou repanti, w ap vin fè eksperyans yon chanjman nan kè. Ou pap gen dezi pou fè peche ankò. W ap vin konnen ke ou se yon pitit Bondye epi ke nou pa bezwen kontinye ap fè menm erè yo tout tan. Dezi ou pou swiv Bondye ap grandi vin pi solid epi pi pwofon.

*Nou tout fè erè. Pafwa nou blese tèt nou epi nou seryezman blese lòt moun nan fason nou menm poukont nou pa ka repare. Nou kraze bagay nou pa ka fikse poukont pa nou. Lè sa a nou santi kilpablite, imilyasyon, ak soufrans, ke nou menm sèlman pa ka geri poukont nou. Pouvvwa gerizon Ekspyasyon an ka repare sa nou pa ka repare.*

## BATÈM AK SENTESPRI A

Lafwa nan Jezikri ak repantans prepare ou pou batèm ak resevwa Sentespri a. Jezikri te anseye ke tout moun dwe batize nan dlo ak nan Lespri (Sentespri a) pou remisyon, oswa padon peche. Atravè batèm ki fêt pa yon moun ki gen otorite Prètriz la epi atravè resevwa Sentespri a, w ap fêt ankò espirityèlman.

### Poukisa mwen bezwen batize?

Jezikri te etabli egzanz pou nou kote li te batize pou l te ka "akonpli tout jistis" (Matye 3:15). Lè ou batize, ou resevwa yon remisyon pou peche (gade Travay 2:38). Ou fè yon alyans, oswa pwomès, avèk Bondye: ou pwomèt pou w aksepte Jezikri

kòm Sovè ou, pou w suiv li, epi pou w kenbe kòmandman l yo. Si ou fè pati pa w la, Papa nou ki nan Syèl la pwomèt pou l padone peche w yo. Lè ou batize pa bon otorite a, peche ou yo lave.

Batèm mande yon imèsyon (plonje) nan dlo. Se fason sa a Jezikri te batize. Batèm pa imèsyon se yon senbòl sakre lanmò, antere, ak rezirèksyon Jezikri;

li reprezante lafen ansyen lavi w la ak kòmansman yon nouvo lavi antanke yon disip Jezikri.

### Poukisa mwen bezwen resevwa Sentespri a?

Pandan ke batèm lave ou soti nan peche w yo, Sentespri a sanktifye ou, oubyen pirifye ou. Si ou rete fidèl anvè alyans batèm ou yo, ou ka gen Sentespri a avèk ou tout tan. Tout bon moun ka santi enfliyans Sentespri a, men se sèlman moun ki batize epi ki resevwa Sentespri a ki gen dwa pou gen konpayi konstan li pandan tout lavi.

*"Jezi te reponn, An verite,  
an verite, mwen di ou,  
Si yon moun pa fêt  
nan dlo ak nan Lespri,  
li pa ka antre nan  
wayòm Bondye a."*

**Jan 3:5**



Sentespri a ede ou rekonèt epi konprann laverite. Li bay fòs es-pirityèl ak enspirasyon. Li rekonfòte ou nan moman difisil epi li gide ou nan pran desizyon. Ou ka santi amou Bondye ak enfliyans li nan lavi ou chak jou atravè Sentespri a.

*Ou ka anseye epi gide pa Sentespri a. "Konsolatè a, ki se Espri Sen an, Papa a ap voye nan non m nan, li pral anseye nou tout bagay, epi lapral fè nou sonje tout bagay, tout sa m te di nou yo."*

**Jan 14:26**

Kapasite ou pou jwi don divin sa a de-pann sou obeyisans ou anvè kòmand-man Bondye yo. Sentespri a pa ka rete avèk moun ki pap viv selon ansèyman Bondye yo. Yo pèdi privilèj gidans li ak enspirasyon li. Toujou eseye rete diy pou konpayi ak direksyon Sentespri a.

Ou resevwa Sentespri a apre batèm. Nan yon òdonans yo rele **konfirmasyon**, youn oubyen plis detantè Prètriz ki oto-riize poze men sou tèt ou. Yo konfime ou yon manm legliz la epi yo beni ou

pou w resevwa Sentespri a. Òdonans sa a nòmalman fêt nan yon reyinyon legliz la tout swit apre batèm. Lè ou batize epi konfime, ou vin yon manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo.

\*Definisyon mo an wouj yo nan paj 18 ak 19

*Sentespri a bay pa enpozisyon dèmen.*





## Sentsèn

Lè ou fin batize, ou ka renouvre alyans batèm ou yo chak semèn pandan w ap pran **Sentsèn**. Pandan reyiyon Sentsèn nan, pen an ak dlo a beni epi distribye bay asanble a kòm souvni Ekspyasyon Jezikri a. Pen an reprezante kò li, epi dlo a reprezante san li. Lè ou renouvre alyans batèm ou, yo pwomèt ou ke w ap gen Lespri a, oswa Sentespri a, toujou avèk ou.

*Sentsèn nan ede nou sonje lavi, ministè, ak Ekspyasyon Jezikri a avèk gratitud.*

\*Definisyon mo an wouj yo nan paj 18 ak 19

*Sentsèn nan ede nou sonje Jezikri.*

## PÈSEVERE JISKALAFEN

Ou vin yon manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo atravè lafwa nan Jezikri, repantans, ak òdonans batèm ak konfirmasyon. Apre ou vin yon manm legliz la, w ap kontinye grandi nan konpreyansyon. W ap kontinye egzèse lafwa nan Jezikri, repanti, renouvle alyans batèm ou yo pandan w ap pran Sentsèn, epi swiv gidans Sentespri a. Premye prensip ak òdonans yo se chema pou swiv pandan tout lavi. Angajman tout yon lavi sa a souvan rele “pèsevere jiskalafen.”

Pèsevere jiskalafen pote direksyon, lapè, ak bonè nan lavi. W ap santi lajwa ki gen nan eseye vin pi plis menmjan avèk Jezikri pandan w ap sèvi epi ede moun ki bò kote ou. W ap vin pi byen konprann relasyon ou avèk Papa nou ki nan Syèl la epi santi amou pafè li pou ou. W ap santi espwa ak yon sans objektif nan yon mond souvan mekontan epi twouble.

**L**evanjil Jezikri a se yon

*fason pou viv.*

“Ou dwe mache ann avan avèk fèmte  
nan Kris la, avèk yon esperans pafètman  
klè, epi avèk yon amou pou Bondye ak  
tout moun. Se poutèt sa, si ou kenbe  
fèm, ou fete nan pawòl Kris la, epi ou  
pèsevere jiska lafen, reyèlman Papa a di:  
Ou ap gen lavi etènèl.”

**2 Nefi 31:20**



## KIJAN M KA KONNEN?

Levanjil Jezikri a te retabli atravè revelasyon Bondye te bay Pwofèt Joseph Smith ak lòt pwofèt yo.

Ou ka konnen pou tèt pa ou si bagay sa yo se verite si ou mande Papa nou ki nan Syèl la nan lapriyè. L ap reponn ou atravè Sentespri a, ki rele Lespri Bondye tou. Sentespri a temwaye, oubyen rann temwayaj, sou Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri. Sentespri a konfime verite atravè santiman, panse, ak enpresyon. Santiman ki soti nan Sentespri a puisan, men yo toujou dou epi pezib tou. Jan yo anseye nan Bib la, “Fwi Lespri se lanmou, lajwa, lapè, pasyans, jantiyès, bonte, lafwa, imilite, [ak] tanperans” (Galat 5:22–23)

Santiman sa yo se yon konfirmasyon nan men Sentespri a ke mesaj sa a vre. Lè sa a w ap bezwen chwazi si w ap viv ann amoni avèk levanjil Jezikri a jan li retabli atravè Joseph Smith la.

**K**ijan m dwe priye?

- Adrese ou avèk Papa ou ki nan Syèl la.
- Eksprime santiman ki nan kè ou (gratitud, kesyon, demann pou konfime verasite Liv Mòmon an ak sa misyonè yo anseye yo).
- Fini (“Nan non Jezikri, amèn”).

## LIS TÈM YO

**Alyans** Yon akò ant Bondye ak pitit li. Bondye bay kondisyon pou alyans lan, epi nou dakò pou obeyi li. Bondye pwomèt bennediksyon pou obeyisans nou.

**Batèm** Yon etap esansyèl nan resevwa padon pou peche. Atravè batèm ak konfirmasyon pa otorite Prètriz la, nou vin manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Batèm dwe fêt pa imèsyon, ki vle di moun ki batize a plonje nan dlo brèfman. Batèm montre dispozisyon nou pou swiv egzanp Kris epi pou fè alyans avèk Bondye.

**Ekspyasyon (Sakrifis Ekspyatwa)** Evenman ki pèmèt nou rekonsilye avèk Bondye. Ekspye se sibi pinisyon pou peche, epi kon-sa, retire efè peche yo pou pechè repantan yo. Jezikri sete sèl moun ki te kapab fè yon Ekspyasyon pafè pou tout limanite. Ekspyasyon li a gen ladan soufrans li pou peche nou yo, vèsman san li, ak lanmò li ak Rezirèksyon li. Gras avèk Ekspyasyon an, tout moun ki te viv ap resisite. Ekspyasyon an banou yon mwawayen pou nou jwenn padon pou peche nou yo epi pou nou viv pou tout tan avèk Bondye.

**Gras** Èd ak fòs divin yo bay atravè mizèrikòd ak lanmou Jezikri. Atravè gras li, ki rann posib pa Ekspyasyon l la, tout limanite ap resisite. Atravè gras li, moun ki toujou ap repanti yo epi ki toujou ap viv ann akò avèk levanjil li a ap santi yon sere kole avèk Papa nou ki nan Syèl la nan lavi sa a epi yo pral viv nan prezans li apre lavi sa a.

**Konfirmasyon** Fason yon moun resevwa Sentespri a. Nan òdonans sa a, ki abityèlman fêt nan yon reyinyon Sentsèn tout swit apre batèm, moun nan konfime, oubyen li vin yon manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo.

**Òdonans** Yon ak sakre ofisyèl ki akonpli pa otorite Prètriz la. Egzanp yo gen ladan batèm, resevwa Sentespri a, ak Sentsèn. Òdonans yo souvan se yon mwayen pou antre nan alyans avèk Bondye.

**Sali** Delivrans soti anba peche ak lanmò. Sali posib gras avèk Ekspyasyon Jezikri a. Atravè Rezirèksyon Jezikri a, tout moun ap kapab simonte efè lanmò. Nou ka sove soti anba efè peche nou yo atravè lafwa nan Jezikri tou. Lafwa sa a manifeste nan yon lavi repantans ak obeyisans anvè lwa ak òdonans levanjil yo epi nan sèvis Kris.

**Sentsèn** Yon òdonans ki raple manm legliz yo Ekspyasyon Jezikri a. Lè nou pran Sentsèn nan, nou renouvre alyans nou te fè nan batèm yo. Pen an ak dlo a beni epi distribye bay asamble a. Pen an reprezante kò Jezikri, epi dlo a reprezante san li. Òdonans sa a fêt chak semèn nan yon sèvis adorasyon ki rele Reyinyon Sentsèn

## ETID ADISYONÈL

Men kèk kesyon ak ekriti ki ap ede ou aprann plis osijè prensip yo ki nan bwochi sa a epi medite sou yo. Lis la pa detaye; nòt anba paj yo ak referans kwaze yo nan ekriti yo ap voye ou nan pasaj ak dokimantasyon adisyonèl.

**Kisa levanjil Jezikri a ye?**

3 Nefi 27:13–22 (Liv Mòmon, paj 424–25)

---

---

---

**Kisa sa vle di gen lafwa?**

**Kijan lafwa ka ba ou fòs?**

Ebre 11:1, 6 (Bib, Nouvo Testaman)

Alma 32:21, 26–28 (Liv Mòmon, paj 264–65)

Etè 12:6 (Liv Mòmon, paj 471)

---

---

---

**Kisa sa vle di repanti?**

**Poukisa tout moun bezwen repanti?**

Lik 15:3–10 (Bib, Nouvo Testaman)

Travay 3:19 (Bib, Nouvo Testaman)

Alma 12:33–34 (Liv Mòmon, paj 217–18)

---

---

---

**Poukisa tout moun bezwen batize?**

Travay 2:38 (Bib, Nouvo Testaman)

2 Nefi 31–32 (Liv Mòmon, paj 100–03)

---

---

---

**Kisa Sentespri a ye?**

**Kijan Sentespri a ka beni lavi ou?**

2 Nefi 32:5 (Liv Mòmon, paj 102)

3 Nefi 27:20 (Liv Mòmon, paj 424–25)

---

---

---

**Ki bi Sentsèn nan?**

3 Nefi 18:1–12 (Liv Mòmon, paj 408–09)

Mowoni 4–5 (Liv Mòmon, paj 481)

---

---

---

**Kisa sa vle di pèsevere jiskalafen?**

2 Nefi 31:15–20 (Liv Mòmon, paj 101–02)

3 Nefi 15:9 (Liv Mòmon, paj 404)

---

---

---

## ADORE AVÈK NOU

VINI EPI GADE KIJAN LEVANJIL RETABLI  
A KA BENI LAVI OU



Reyinyon Sentsèn nan se sèvis adorasyon prensipal la. Abityèlman li dire yon ti kras plis pase innèdtan epi li abityèlman gen bagay sa yo ladan:

*Kantik:* Chante pa kongregasyon an. (Yo bay liv chan.)

*Priyè:* Ofri pa manm legliz yo.

*Sentsèn:* Pen ak dlo beni epi distribye bay asanble a an souvni Ekspsyasyon Jezikri a.

*Oratè:* Abityèlman youn oubyen de manm asanble a yo bay tach anvan sa pou pale sou sijè levanjil yo.

*Abiye:* Gason ak ti gason jeneralman abiye an kostim oubyen bèl pantalon avèk yon chemiz ak kravat. Fi yo ak ti fi yo abiye avèk rad oswa jip ak kòsaj.

Yo pa mande don pandan sèvis adorasyon yo.

Nou envite ou pou w vini nan lòt reyinyon yo tou, selon sa k enterese ou epi selon laj ou. Lòd reyinyon sa yo ak disponiblite yo ka varye.

*Lekòldidimanch:* Klas pou etidye ekriti yo ak doktrin levanjil yo.

*Reyinyon Prètriz:* Klas pou gason ak ti gason nan laj 12 zan ak pi gran.

*Sosyete Sekou:* Klas pou fi apati laj 18 tan.

*Jènfi:* Klas pou ti fi nan laj 12 rive 18 tan.

*Primè:* Gwooup sèvis ak klas pou timoun nan laj 3 zan rive 11 zan. Yon gadri pou timoun nan laj 18 mwa rive 3 zan souvan disponib.



Lè Reyinyon Sentsèn nan: \_\_\_\_\_

Adrès chapèl la: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

# Kisa pou m fè?

- Li Liv Mòmon an.

Lekti ki sigjere: \_\_\_\_\_

---

---

---

---



- Priye pou konnen ke Jezikri se Sovè ou.

- Repanti epi priye pou padon peche w yo. Eseye viv selon kòmandman Bondye yo.

- Ale legliz.

- Prepare pou w batize jou: \_\_\_\_\_

- Vizite [www.mormon.org](http://www.mormon.org) pou aprann plis osijè levanjil Jezikri retabli a.

- Kontinye rankontre avèk misyonè yo pou aprann plis osijè verite Bondye retabli atravè pwofèt tan modèn yo.

Pwochen randevou: \_\_\_\_\_

Non ak nimewo telefon misyonè yo:

---

---

LEGLIZ  
JEZIKRI  
POU SEN  
DÊNYE JOU YO

[www.mormon.org](http://www.mormon.org)

Imaj

Sou do g: Detay edzi nan Dio lavi a, pa Simon Dewey. © Simon Dewey. Pa kopye  
Pa 1: Detay segi nan Diskou sou Mòn man, pa Carl Heinrich Bloch. Itilize avèk pémisyon Mize Istorik Nasyonal  
la nan Friedensborg nan Hillered, Danmark

Pa 5: Kris k ap leve pili fi Jairus la, pa Greg K. Olsen. © Greg K. Olsen

Pa 6: The Gentle Healer, pa Greg K. Olsen. © Conceptions Unlimited Investments, Inc. Pa kopye

Pa 9: JanBatis k ap batize Jezi, pa Greg K. Olsen. © Greg K. Olsen. Pa kopye

HAITIAN



4 0201198036 2

01198 036